



# Travayè domestik

## Ki sa ki andedan

Èske se tout travayè domestik yo ki kouvri?	1
Lè w ap dedui taks pou Sekirite Sosyal ak Medicare	2
Fason pou peye IRS taks yo	2
Fason pou rapòte salè nan Sekirite Sosyal	2
Fason travayè domestik ou a gen kredi pou Sekirite Sosyal	2
Pou kontakte Sekirite Sosyal	3

Èske w konte peye yon moun pou fè netwayaj, fè manje, fè jadinaj, gade pitit ou oswa fè lòt travay lakay ou omwen \$2,100 nan ane 2018 lan? Mete nan montan sa a nenpòt lajan kach ou peye pou transpò, manje ak lojman pou anplwaye a nan total la. Si w pral peye yon moun omwen \$2,100, ou genyen kèk responsablite.

Lè w ranpli responsablite sa yo sa pral asire travayè domestik ou a jwenn kredi pou benefis Sekirite Sosyal ak kouvèti Medicare. Lè w peye yon travayè domestik omwen \$2,100 kòm salè, ou dwe:

- Dedui taks pou Sekirite Sosyal ak taks pou Medicare nan salè sa yo;
- Peye Internal Revenue Service (IRS) taks sa yo; epi
- Rapòte salè sa yo bay Sekirite Sosyal.

Pou chak \$2,100 salè ou peye, pifò anplwaye domestik gen yon trimès kouvèti pou benefis Sekirite Sosyal ak kouvèti Medicare. Jeneralman, yon moun bezwen 10 an kouvèti pou l kalifye pou:

- Benefis retrèt (ki ka kòmanse depi sou laj 62 an);
- Benefis envalidite pou travay a ak depandan travayè a;
- Benefis sivivan pou fanmi travayè a; ak
- Benefis retrèt.

## Èske se tout travayè domestik yo ki kouvri?

Gen kèk règ espesyal ki aplikab nan sitiyasyon ki pral site la yo.

- Si w ap dirije yon otèl, yon kay kote w lwe chanm ladan l, oswa yon pansyona, rapòte tout salè yo.
- Amwenske travay domestik se prensipal okipasyon travayè a, pinga w peye taks Sekirite Sosyal pou moun k ap gade pitit ou oswa lòt travayè ki poko gen 18 an.
- Si w peye pitit ou pou travay domestik yo fè, epi yo gen 21 an oswa plis, se pou peye taks Sekirite Sosyal sou salè yo.

- Si w peye youn oswa toule de paran w yo pou travay domestik yo fè pou ou, li posib ou ka bezwen peye taks sou salè yo, kidonk ou bezwen tyeke pou wè si règ taks sa a aplike nan ka pa yo a.

Kontakte nenpòt biwo Sekirite Sosyal pou plis enfòmasyon.

## Lè w ap dedui taks pou Sekirite Sosyal ak Medicare

Antanke yon anplwayè, ou peye yon taks pou Sekirite Sosyal ki egal a 6.2 pousan sou yon montan ki rive jiska \$128,400 (nan ane 2018) nan salè anplwaye w la epi yon taks pou Medicare ki egal a 1.45 pousan sou tout salè anplwaye a. Anplwaye yo dwe peye menm tarif taks la, epitou yo peye 0.9 pousan anplis nan taks pou Medicare sou salè ki depase \$200,000 (\$125,000 si yo marye epi yo ranpli taks separeman oswa \$250,000 si yo marye epi yo ranpli taks ansanm).

## Fason pou peye IRS taks yo

Kontakte IRS konsènan kondisyon pou rapòte rapòte taks oswa fòm yo. Anplwaye IRS yo pral fè w konnen fason pou ranpli fòm yo, epi ki lè ak ki kote pou ranpli yo. Epitou gade IRS Publication 926, *Household Employer's Tax Guide*, [www.irs.gov/publications/p926/index.html](http://www.irs.gov/publications/p926/index.html), pou plis enfòmasyon konsènan ki fòm ou bezwen ranpli epi ki lè pou ranpli yo.

Kèk bagay ou ka bezwen konnen:

- **Kenbe dosye yo**—Anrejistre non, adrès ak nimewo sekirite sosyal tout travayè domestik ou anboche ansanm ak montan salè ou peye yo. Kopye nimewo sekirite sosyal la dirèkteman nan kat sekirite sosyal chak moun. Si youn nan anplwaye w yo pa gen yon kat, li ta dwe aplike pou yon kat nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal.
- **Ranpli fòm IRS yo ak salè ou retni yo**—Itilize fòm taks federal pa w la (IRS Fòm 1040) pou rapòte salè \$2,100 oswa plis ou te peye yon travayè domestik. Antanke

anplwayè, peye pòsyon taks pou Sekirite Sosyal ak taks pou Medicare yo. Epitou peye taks ou te dedui sou salè anplwaye a.

## Fason pou rapòte salè nan Sekirite Sosyal

Ou dwe bay anplwaye domestik ou a kopi B, C ak 2 fòm W-2 IRS la (*Wage and Tax Statement, Deklarasyon salè ak taks*) pou pita le 31 janvye aprè ane ou te peye salè a. Voye kopi A fòm W-2 ak fòm W-3 *Transmittal of Wage and Tax Statements (transmisyon salè ak deklarasyon taks)*, nan Sekirite Sosyal pou pita nan dènye jou mwa janvye si w ap ranpli defason elektwonik oswa sou papyè nan ane ki suiv ane pou salè ou rapòte a. Ou ka jwenn fòm sa a ak enstriksyon sou fason pou ranpli lè w kontakte nenpòt biwo IRS. Oswa, si w gen yon òdinatè pèsonèl ki gen aksè nan entènèt ak yon enprimant, ou ka itilize *W-2 Online*. *W-2 Online* se yon opsyon pou ranpli fòm elektwonik gratis Sekirite Sosyal genyen pou anplwayè yo. Avèk *W-2 Online*, ou ka gen aksè nan fòm W-2 defason elektwonik, ranpli fòm nan, epi soumèt li bay Sekirite Sosyal sou entènèt la. Sèvis la menm ranpli yon fòm W-3 (transmisyon) pou ou. Epitou ou ka enprime kopi anplwaye w (yo) bezwen pou yo ranpli taks pa yo ansanm ak kopi pou dosye pa w.

Pou kòmanse, anrejistre pou yon idantifikasyon itilizatè (User ID) ak modepas sou sit entènèt *Business Services Online* nan: [www.socialsecurity.gov/bso/bsowelcome.htm](http://www.socialsecurity.gov/bso/bsowelcome.htm). Pou plis enfòmasyon, ikonpri enstriksyon etap-pa-etap, ale nan [www.socialsecurity.gov/employer/bsohbnew.htm](http://www.socialsecurity.gov/employer/bsohbnew.htm).

## Fason travayè domestik ou a gen kredi pou Sekirite Sosyal

Yo bay kredi pou travay domestik yon tijan diferan de lòt travay. Jeneralman, yon moun gen yon kredi pou chak \$1,320 salè li rapòte (nan ane 2018), jiska yon maksimòm kat kredi pou ane a. Sepandan, yon travayè domestik pral gen kredi pou Sekirite Sosyal sèlman pou salè ki omwen egal a \$2,100 nan men chak anplwayè.

Pa egzanp, yon travayè domestik ki te travay pou twa anplwayè epi li te touche \$900, \$1,100, ak \$2,100 respektivman (yon total \$4,100) li ta va resevwa sèlman yon kredi pou Sekirite Sosyal avèk salè \$2,100 yo poste nan dosye Sekirite Sosyal li a.

Kantite kredi travayè yo (ikonpri travayè domestik yo) bezwen pou yo ka kalifye pou Sekirite Sosyal pral depann de laj yo ak kalite benefis yo elijib pou resevwa. Pifò moun bezwen apeprè 10 ane travay (40 kredi) pou kalifye pou benefis. Moun ki pi jèn yo bezwen mwens kredi pou yo elijib pou resevwa benefis envalidite oswa pou manm fanmi yo ka elijib pou benefis sivivan lè yo mouri.

Sonje, si w pa rapòte salè ou peye anplwaye w la, li ka pa gen ase kredi pou l jwenn benefis Sekirite Sosyal, oswa montan benefis la ka redui.

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou demilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

## Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an **[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)**. Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my* Social Security pou egzamine Social Security Statement (*Deklarasyon Sekirite Sosyal*) ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;

- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

## Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Social Security Administration  
Publication No. 05-10021-HC | January 2018  
Travayè domestik  
Household Workers (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense  
Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a